


Politik Federal pou Favorize Ekite nan Domèn Sante pou Gwoup Rasyal, Etnik ak Tribal

Rezime Rapò sou Etid Konsansis la

Aryèplan

Ozetazini, lepli souvan, se ras ak gwoup etnik yon moun ki detèminen kapasite l pou li ka pwofite de yon vi ki pwospè e ansante, sa ki asosye ak dezavantaj estriktirèl ki lye ak aksè a bon kalite swen sante, edikasyon, opòtinite travay ak anpil lòt bagay. Reyalize ekite nan domèn sante—eta kote tout moun gen yon opòtinite ekite pou yo atenn potansyèl yo ann antye nan domèn sante ak byennèt epi kote pèsonn pa dezavantaje pou yo jwenn sa yo akòz pozisyon sosyal oswa lòt sikonstans ki defini sosyalman—mande efò ki konsantre e ki kontinyèl pou kwape inegalite yo. Se pwogram kominotè oswa pwogram leta ki souvan pouse yon moun chèche jwenn ekite nan domèn sante, men li nesese epi benefisye soutyen ak lidèchip gouvènman federal la.



Prensip Fondamantal Rapò a

- Sante se plis pase byennèt fizik ak mantal—li enkli tou byennèt nan faktè sosyal, ekonomik ak lòt faktè, kote yo chak nesese pou epanouyman lòm.
- Tout politik federal yo genyen potansyalite pou afekte sante popilasyon an.
- Se nan sous kantitatif, kalitatif ak kominotè yo ke Prè yo soti.
- Politik federal yo ta dwe santre sou ekite nan domèn sante.
- Pou favorize ekite nan domèn sante, li nesese pou gen chanjman estriktirèl ak sistemik.

Lè moun yo pwospere, se kominote yo ak tout nasyon an annantye ki pwospere.

Pwosesis

Akademi Nasyonal (National Academies) yo te reyini yon komite ki chaje ak ekspè pou (1) konsantre sou politik federal ki kontribiye nan diferans ki evitab yo nan eta sante ak rezilta ke yo jwenn nan men tout popilasyon rasyal ak etnik ki an minorite Ozetazini (2) idantifye apwòch ki pi efikas e ki gen plis chans pou reyisi a pou chanjman politik ansanm ak objektif pou amelyore ekite rasyal ak etnik nan domèn sante a.

Pil pakèt politik federal yo gen potansyèl pou afekte ekite rasyal ak etnik nan domèn sante a, yon fason pozitif oswa negatif. Kidonk, rapò sou etid konsansis *Politik Federal pou Favorize Ekite nan Domèn Sante pou Gwoup Rasyal, Etnik ak Tribal* la diskite sou politik ki konsène yo nan pi gran kontèks sou detèminan sosyal pou sante yo an senk chapit. Plizyè nan konklizyon yo nan chapit sa yo ilistre egzanp tèm transvèsal ki soutni rapò rekòmandasyon yo.

Rekòmandasyon

Aksyon 1 : Enplemante Kowòdinasyon ki Dirab Pami Ajans Federal yo

Gouvènman federal la laj, konplèks e li koube l anba priyorite ki kontradiktwa ak paralèl. Lidèchip la nesèsè pou entegre ekite nan domèn sante nan nivo federal la, ki enkli kreyasyon yon antite pèmanan pou sipèvizè efò sa yo. Yon odit nan domèn ekite sou politik pase ak sa ki egziste yo ta ka kontribiyè nan garanti yon disitribisyon ekitab ak efikas resous yo. Anplisde sa, devlopman yon tablo pwèn sou ekite pou evalye politik federal ki pwopoze yo te ka ede moun k ap defini politik yo pou yo pi byen konprann potansyalite politik sa yo pou adrese oswa aksantye yo sou inegalite yo.

Aksyon 2 : Priyore, Valorize epi Entegre Vwa Kominote a nan Travay Gouvènman an

Kominote yo dwe yon pati entegral nan pran desizyon sou kijan yo jere lwa, regilasyon, pwogram ak politik ki pral afekte yot. Gouvènman federal la ta dwe priyore kontribisyon kominote a lè y ap chanje oswa devlope politik pou avanse ak ekite nan domèn sante, epi Kongrè a ta dwe mande yon rapò sou kijan komite konsiltatif kominotè federal yo travay aktyèlman ak kijan fonksyon yo ka amelyore.

Aksyon 3 : Asire ke Koleksyon ak Rapò Done yo Repezantatif epi Egzak

Koleksyon done konplè pa sèlman nesèsè pou favorize ekite nan domèn sante men se yon kesyon ekite nan li menm. Yon mank repezantasyon nan done yo; fè koleksyon done san konsiderasyon pou demann yo nan kominote a; ak pataje done ki pa egzak oswa ki pa presi konsènan kominote rasyal, etnik ak tribal yo te vle di ke gouvènman federal la pa t prepare pou konprann, redui oswa elimine inegalite nan domèn sante ki genyen pami popilasyon sa yo.

Kidonk, gouvènman federal la ta dwe fasilite metòd yo pou reyalize done ekitab pou ti popilasyon rasyal ak etnik yo epi asire koleksyon ak rapò sou orijin detaye ak afilyasyon tribal ki ekitab atravè dezagregasyon done yo. Gouvènman federal la ta dwe kreye epi asire itilizasyon mezi komen yo toupato pou inegalite nan domèn sante, sa ki enkli mezi syantifik nan zafè rasis yo.

Aksyon 4 : Amelyore Responsabilite Federal, Aplikasyon, Mwayen yo ak Sipò nan Lide pou gen yon Gouvènman ki Favorize yon Sante Optimal pou Tout Moun

Fleksibilite nan fason eta yo ak lokalite yo mete politik federal annèv te pèmèt gen pwogrè siyifikatif ki fèt, men tou li te jenere yon mizannèv pa pati ak yon gran privasyon nan dwa gwoup minoritè yo sou plan rasyal ak etnik. Kidonk, gouvènman federal la ta dwe asire l yon enplemantasyon ekitab politik federal yo ak aksè ekitab nan pwogram federal yo. Sa a enkli fasilite aksè pou jwenn avantaj pou moun ki elijib yo, menm jan ak enplemantasyon estanda pèfòmans yo pou asire responsabilite.

Konsiderasyon pou Popilasyon Amerendyen ak ki Dorijin Alaska

Komite a te konsakre yon atansyon espesyal sou Amerendyen yo ak popilasyon ki dorijin Alaska yo, k ap fè fas ak difikilte ki inik ak rezilta yo ki mwen bon pase pa tout lòt gwoup rasyal ak etnik yo nan plizyè domèn nan sante. Gouvènman federal la ta dwe ogmante nivo pòs Direktè Sèvis Sante Endyen an mete li nan nivo Sou Sekretè Deta otorize finansman pou Sèvis Sante Endyen an an egalite ak lòt pwogram swen sante yo, epi reyetabli yon Komite pou Regle Koz Endyen yo nan Chanm Depite yo.

Aksede a rapò konplè a nan www.nationalacademies.org/health-equity-policies.